# Туўры жол.

*Ассаламу лайкум ва Рахматуллахи ва Баракаатух.*

Джакарта қаласында 1997 жылдың 19 декабринде, әйеллер менен ҳәм балаларды барлығы болып бир жүз төрт адам, MI 185 рейсли ҳаўа лайнерына отырғызылды. Ушыўға таяр болып отырған адамлардың ешқайсының ойында Сингапурға жете алмаймыз деген гүмән болған жоқ. Олар ушып баратырған Боинг 737 Палембанг қасына жеткенде бирден қалтырай баслады да Суней Муси қаласының қасында апатқа ушырап, барлық жолаушылар менен борттағы экипаж бәри набыт болды.

Пүткил дүнья жүзинде көплеген адамлардың басына бирден тап болатуғын қайғылы өлим қаўиплери ушырасып турады. Олар: жер силкиниў, циклонлар, тәбийий апатшылық, әскерий топылыс, нақолай тусинбеўшилик жағдайлар. Және олар басларына бирден түскен өлимди бақлауға қабилетсиз болады. Басқа адамлар еми жоқ аурыўлардан қайтыс болады. Биз бәримиз өлимге таярланыўға тырысамыз. Қалайда өлим бизиң бақлауымыздан тыс, өлимди болжай алмаймыз.

Бирқатар адамлар темеки шекпеў арқалы, түрли шынығулар жасап, диета сақлау, жақсы тамақланыў витаминлер қабыллауы арқалы узағырақ өмир сүрүўге тырысады. Қалайда биз қайтип тырыссақта күнлердиң –күнинде өлиўге тийис екенимиз туўралы шынлықты жоққа шығара алмаймыз.

Гейбир адамлар өлим туўралы дымда ойламайды, егер олар ешқандай мүтажлық көрмесе, ақшалы болып, жақсы тамақланыўға мүмкиншилиги болса, болажақ өмирлерин қаржылай тәмийинлеп қойса, хожалыкта олардың ҳешқандай мүтажликлери болмаса, жәмийетте жақсы абройлы жағдайда болса өлим олардың ойына да кирип шықпайды. Бирақ өлимге тек картайғанлар менен мүтәж адамлар ғана емес, жайнап турған жасларда тосаттан өлип қалыўы мүмкин. Өлим адамлардың барлығын бирдей етип теңестиреди.

Алла өзиниң әдил ҳүкимине негизленген қудиретименен бизлерди дозаққа жибере алады. Оның Аты *Ар Рахманир Рахим* (Ең Рахымлы және Мийримли) сонлықтан Ол бизге ҳәрдайым барлық өлим түрлерине және Қиямет Сотына таяр болыўымызды ескертеди. Барлық адамлар жер бетиндеги сүрген өмирлериндей барлық ислеген ислерине жуўап бериў ушын бир гезлери өлип, Қиямет Сотын көриўге тийисли.

Сонлықтан Алла бизге ҳәрдайым таяр болыўды талап етеди. Ҳәрқашан таяр болған адам Алла беретуғын тынышлыққа ийе болып Туўры Жол менен (Ал Сиратул Мустаким) жүретин киси болып табылады.

## Бул өмир жалған өмир.

### Өмирдиң мәниси неде?

Бул өмир жалған өмир. Өмир және дүньяның бар байлығы да бирде бар, бирде жок болатуғын алдамшы сағым сияқлы. Өйткени бизлердиң өмиримиз мәңгилик өмир сүретин Алладан баслау алғанлықтан, бүл дүнья өткенше емес.

Көплеген адамлар тек ғана усы өмирдиң алдамшы қызықларыменен қуўанышларына бола өмир сүреди. Күн сайын бул дүньяның қош-ҳарекетинен қолымыз босамайды, жумыс ислеп, ақша табыў жолында, дүньяның ҳәртүрли өткинши өзине тартатуғын қуўанышларына берилемиз. Бизлер олардың өткинши екенин билгенликтен өмиримиздиң мәниси жоғалып баслайды. Шайтан бизлерге сол алдамшы жолға умтылыўға кеңес береди. Ол гүнә жасаттырыў арқалы бизиң бар өмиримизди ысырап қылып күнлердиң – күнинде бизлер мәңгилик дозақтың турғынлары болғанымызды қалейди.

Жер бетинде биз бахыттан бурын қайғы - қасиретти жийи бастан кеширетинимиз өтирик емес. Бизлер күнлердиң – күнинде жанларымыздың Ийеси болып табылатуғын

□
□
□
□

Алланың алдына баратынымызды умытып, депрессияға (түскүнликке) түсемиз, сөйтип өмиримиздиң мағанасын жоғалтамыз.
Бирақ Алла шынайы бахыт неден туратуғынын көре алыўымыз ушын бизди удайы өзи жетелеп барады. Оның жетекшилигине сүйене отырып бизлер усы өмирде өзимизди өзимиз бақлай аламыз. Оның Туўры Жолы менен (Ал Сиратул Мустакиим) жүрйў арқалы бизлердиң өмиримиз тазарады, сол арқалы бизлер бейишке бара аламыз.

Ақырет Күни (Ақырғы заманда ямаса Соңғы Күни) адамзаттың руўхы баратын еки орын бар. Олар – бейиш ямаса дозақ. Бизлердиң руўхымыз Қиямет Күни өзгертиўге және шығыўға болмайтын усы еки орынның бирине барыў ушын сотланады. Сөйтип, биз ол жерде мәңги боламыз. Биз ҳазир қашан және қай ўақытта дүньядан өтетинимизди билмеймиз. Бирақ қайсы орынға барыўды таңлаўға тап ҳазир мүмкиншилигимиз бар.

**Сен қайсы мәңгилик орынды таңлайсаң?**

## Аспан.

Аспан мәңгилик өмир ушын ең сулыў орын. Аспан таң қаларлы ҳәм салқын бағлар менен егилген, ол жерден тыныншлық самаллары есип турады ҳәм аспан қабаты шыдамлылық сыйласығы менен толтырылған.

Биз адамның ақыл ойы менен Аспан сулыўлығын толық сүўретлеп бере алмаймыз. Буны бул жерде Китап ашып береди. Алладан келген қутқарылыў берилген исениўшилер гүнаға толы жүктен азат болады. Уллы қуўанышқа толып тасып ҳәм даңқы Аспанға көтерилип отырады. Ол қайғы-ҳәсиретлерди әсирден әсирге жоқ етти.

Бизлер гүнәкәр хаяллар ҳәм еркеклер усындай берилген жарылкаўдан илҳәмлана аламызба? Тек ғана Алла тәрепинен пәк болғанлар ғана усы әжайып орынға кире алады. Әл Қуран, Әл Кәримде Алла ҳәмме адамлар ушын Мариамның баласы Иса өзиниң мухаддес сыйын таярлап қойыпты деп бизлерге ашып берди.

*Бисмиллләҳи Рахманир Раҳим.*

Оны ***«Өзлеримиздиң Мийрим шәпәәтимиз бенен адамлар ушын Оны Аян етип беремиз».***

***Сүре 19:19, 21***

Бул дүньяда да ҳәм Аспанда да Алла, ўәде етилген Имам Махди (Ал Масих) Исаның атын көтермеленген ретинде Аспан ҳәм жерге қойды.

*Бисмиллләҳи Рахманир Раҳим.*

***«Оның аты Масих, Иса, Мариамның баласы әқыретте даңққа бөленеди ҳәм Ол Аллаға жакынлағанлардан болады».***

***Сүре 3:45***

## Дозақ.

Дозақ – бул ең қайғылы азап шегетуғын орын. Ол жердеги турғынлар көбинесе оттан жасалған кийимнен, төсектен ҳәм уйықлаў ушын орынлықтан (кровать) жәбир шегеди. Турғынлардың төбеси ҳәм аяқ асты от пенен қоршалган ҳәмме жер қараңғы, қара гүтин ҳәм от пенен қапланған. Көзлери сокыр, қулақлары гереӊ ҳәм гүңелек, ол жерде уллы қайғы. Қайғы ҳәсирет шеккен жанлар ол жерде өлмейди. Қутқарылыўға үмити жоқ жанлар тымбастан уўылдап турады. Ол жерде тири жанлар өли сияқлы. Азаптың шеги жоқ, азап мәңгиликке созылған.

☐
☐
☐
☐
☐
☐

Биринши адам Пайғамбар Адам-ата ўақытынан баслап, ҳәмме адамлар шайтанның азғындырыўына түсти. Олар гүнәкәрға айланды ҳәм Дозақтың қорқынышлы азап шегиў орынына ҳүким етилди.

*Бисмиллӛҳи Рахманир Раҳим.*

***«Сизлердиң араңызда соған киретуғын адам жоқ, сениң Ҳүкимдарың ушын бул шешилген қарар».***

***Сүре 19:71***

## Ал Сиратул Мустаким.
## (Аспанға Туўры Жол).

Бизлер бәримиз тек ғана Алланың ашқанына Исенетуғынлардың Аспанға баратуғын Туўры Жолда жүргенин билемиз. Булардың бәрине қосымша ретинде күнделикли дуўа ҳәм Соңғы Күн алдынан берилетуғын қайыр-сақаўат ислери, өзиниң сыйын аспанда алады. **(Сүре 4:162)**

**Усы жолда бизлерди сақлап турыўға Алланың ашкан анық аянларын бизлердиң қанша биримиз билемиз?** Алланың усы анық аянысыз, бизлер усы Жолдың Туўрылығын қалай көре аламыз. Алланың усы ашкан аяның билмей тура, бизлер қалай Оның көз алдында Исениўши бола аламыз?

**Аспанға кириўимиз ушын бизлерге жетерли қандай да өлшем барма?** Аспанға кирместен алдын, бизлер диний нызамларға күшли бойсыныўымыз зәрүрме? Аспанға бизлер кире аламыз деп исеним пайда етиўимиз ушын қанша дуўа ҳәм қайыр-сақауат ислери жетерли? Бизлерге берилген Динниң тәжирийбеси бойынша қағыйда да анық жуўап жоқ.

**Ҳақыйқатында бизлердиң арамыздан қаншамыз Алланың парызларын усы Аспан Жолы ушын толық сақлайды?** Аспанға кирмесимизден алдын, қайыр-сақаўат ҳәм бойсыныў парызларына ерисиў ушын бизлердиң қаншамыз күшке, сүйиспеншиликке ҳәм интаға ийе? Жуўмағында, көпленген адамлар қысылыўда, гуманланыўда ҳәм жеккөриўшиликте, ҳәттеки олар тымбай дуўа етип ҳәм қайыр-сақаўат берип турсада жан тынышлығына ийе емес. Ол бизлерге Өзи таярлап қойған Жолды көрсет деп бизлер Оған адамгершилик ҳәм бойсыныўшылық пенен дуўа етиўмиз зәрүр екенлигин Аллада бәрше әсирлер бойлап бизлерге көрсетилди.

*Бисмиллӛҳи Рахманир Рахим.*

«Индинаш шираатал мустаким»
***«Бизлерди Туўры Жолға басла»***

***Сүре 1:6***

«Иаа аинухаиладзиина аамануt такуллаха уабтагхуу уасиилата...»
***«Эй Сизлер исенгенлер! Аллада́н қорқыңлар,Оған жақынласыўды излеңлер».***

***Сүре 5: 35***

## Ең Мийримли ҳәм Қайырқом.
### (Ар Рахманир Рахим)
### Сура 1: 3

Себеби, Қудай Ең Мийримли ҳәм Қайырқом болып табылады, Ол бизлерге Аспанға қалай кириўимиз ҳаққында Ал Қуранда Оның жетелеўи тийкарланған ҳәм оны



□
□
□
□
□

бизлерге ескертеди. Қәне енди төменде Әл Куран ҳәм Әл Хадисте қалай жазылғанын үренейик.

## Адамзаттың Бейишке кириўи ушын Әл Қуран менен Әл Хадистиң жетелеўи:

*Бисмиллаәҳи Рахманир Рахим.*

**1.Иса А.С – оның изинен жүретуғын Туўры Жол.**

«Уа иннаху ла илмулис саа ати фа лаа тамтарумна бихаа уат таби ууни хадзааширатал мустаким»

***«Ҳәм Ол ҳәқыйқатында да-ўақыт белгиси. Буған гуманланбаң ҳәм Мениң изимнен ериңлер! Бул Туўры Жол».***

***Суре 43: 61***

**2.Иса А.С-бойсыныў ушын жақтылық тарқатыўшы.**

«Уа ламма джаа-а Иса бил баиийнаати кала кад джитикум бил хикмати уа ли убаиина лакум ба дхал ладзи таталифууна фиихи фат такуллаахауа атхии у»

***«Иса А. С. Анық аянлары менен келген заман, оларға: "Мен сизлерге даналық пенен келдим. Алладан қорқыңдар, ҳәм сизлердиң түсинбеушилигиңиз неде екенин түсиндиремен».***

***Суре 43:63***

**3. Иса менен гүрриңлескенде ҳақыйқат сөзди айтады.**

«Дзаалика Исабну Марнама каулал хакил ладзии фиихи иамтарууи».

***«Бул Мариамның баласы Иса, оның сөзиниң шынлығына олар исенбейди»***

***Суре 13-9:34***

**4. Иса – Алланың Хабаршысы ҳәм Оның Сөзи.**

«Иннамал масииху Исабну Мариама Расуллуллоахи ва калиматуху»

***«Мәсих Иса Мариамның баласы ғана – Алланың тек жибергени ҳәм Оның Сөзи»***

***Суре 4:171***

**5. Иса А. С. - Қудайдың Руўхы ҳәм Оның Сөзи.**

«Иса фаа иннаху раахуллаху ва калиматуху»

***«Иса А. С. Ҳақыйқатында да Алланың Сөзи ҳәм Оның Руўхы»***

***(Хадис Анна-с Бин Малик 72)***

**6. Иса А. С. – тек ғана Имам Махди (Мәсих).**

«Лаа махдиан илла Исабну Мариям»

«Мариам улы Исадан басқа Имам Махди жоқ»

**(Хадис Ибну Маджах)**

**7. Иса А. С. – дениниң (адамның) емес, Руўхытың қалеўи менен туўылды.**

«Уал лат ахшанат фарджахаа фа нафакхнаа фиихаа мир мухинаа уаджа алнаахаа уабнахаа ааиатан иилаалаМиин»

***«Сондай абыройын қорғаған Мариамға руўхымыздан үрледик. Сондай-ақ өзинде улын да пүткил дүньяға инәм еттик»***

***Суре 21:91***

**8. Иса А. С. – туўылды, өлди және қайта тирилди.**

«Уас салааму алаииа уаума уулидту ва уаума амууту ва уаума уб атсу хаииан»

***«Мен туўылған күнимде де ҳәм қайта тирилген күнимде де маған тынышлық болады»***

***Суре 19:33***

**9. Иса А. С. - өлди, даңқа ийе болды ҳәм Оның из басарлары қарсы болғанларға үстем болды.**
*«Сол уақытта Алла: Әй Иса! Мен Сени тынышландыраман! Сени Өзиме көтеремен. Және Сени исенбейшилерден тазалайман ҳәм Сениң изиңнен ерушилерди қутқаруға дейин исенбейшилер үстинен жоғары қояман».*

*Сүре 3:55*

**10. Иса А. С. – топпылылар менен соқырларды емледи.**
*«…Мен соқырларды, топпылыларды емлеймен ҳәм өлилерди Алланың рухсатыменен тирилтемен …»*

*Сүре 3:49*

**11. Иса А. С. - өлгенлерди тирилтти.**
*«…Ҳәм Сен өлилерди Мениң рухсатым менен жибердиң …»*

*Сүре 5:110*

**12. Иса А. С.-ға - әжайып кәрамат ҳәм Мухаддес Руўх берилди.**
«Ҳәм бизлер Мариамның баласы Исаға айқын аянлар сыйладық ҳәм *Оны Мухаддес Руўх пенен беккемледик»*

*Сүре 2:253*

**13. Иса А. С. – дин бас тартқанларды, Алла тала, жалған тәңирлерге табыныўшылар менен бирдей көреди.**
*«Және олардың (Исаға А. С.) қарсы шығыўшылары ҳәм Мәриамға жала жапқан сөзлери себепли»*

*Сүре 4:156*

**14. Иса А. С. – ға барлық китап ийелери исенетин болады.**
*«Мухаддес Китаптың ҳақыйқатлығы бойынша оған исенбеген адамның өзи жоқ. Оның өлимине шекем, Оның қайта тирилген күнинде, Ол өзине қарсы турыўшылардың гүўасы болады»*

*Сүре 4:159*

**15. Кимде – ким Таўрат (Нызам Китабы) және Инжил (Иса А. С. - ның Хош Хабар китабы) китапларын мойынламағанларды "динсизлер" менен (кәпир) қатар айыплайды.**

*«Оларға айт: "О Мухаддес Китап адамлары! Сизлер Таўрат ҳәм Инжилды қайта тиклемейинше ҳеш нәрсени устай алмайсыз, сизлердиң құдайыңыздан сизлерге ҳеш нәрсе белгили болмайды»*

*Сүре 5:68*

**16. Иса А. С. негизги китаптың мәнисин ашыу ушын Алланың ҳәмиринен келген Алла Сөзи.**
*«Ол бизлердеги Ана Китапта жайлайсқан, уллы данышпан!»*

*Сүре 43:4*

**17. Иса А. С. - аспан ҳәм жерде ғәрезсиз бийлик абыройға ийе. Мине периштелер былай деген:**
*«О Мәриам! Мине Алла сени Оннан келетуғын даңқ ҳаққында қуўандырады, Оның аты Иса Масих Мариамның улы, бул дүньяда даңқы ийе болған.»*

*Сүре3:45*

Алла Таала Иса А. С. – ны дүньяның ҳәм келешектиң үстинен ғәрезсиз ҳәм Абыройлы бий етип жиберди. Иса А. С. – Туўры Жол, Қуран Әл Кәримде "Иса А. С. –

ның жолын қуўшыларды кәпирлерден үстем етилди" – деп жазылған. Аллаға Иса А. С. соншелли маңызлы болды, себеби Исаның аты Қуран Әл Кәримде 97 рет аталған.

Аспан әжайып, оны кең сарайменен салыстырып көрейик. Егер Патша сизди сол сарайға қонаққа шақырса, сиз өзиңиздиң сол сарайға киретуғыныңызға гүмәнсиз исенимли бола аласыз, себеби Патша сол сарайдағы толық бийликке ийе, ҳәм ең жоқары мартебели адам.

Егер де биреу сарайды басқарыўға толық бийлиги ҳәм мартебеси жоқ болса, сөйте тура сизди қонаққа шақырса, онда сиз оғада көплеген шығын жумсалған кәрежет барлығын есаплай отыра, сиз сарайға жиберилмей қалыўыңызда мумкин деп гүмәнлана баслайсыз.

Мийрими Күшли Алла Таала адамзат баласын бейшке апарыў ушын Иса А. С. – ды Өз Руўхы менен ҳәм анық аянлары менен патша етип таярлады. Иса А. С. –Оған жақын жерден бизлерге Алланың жоқары ҳәкимятынан қымбатлы миратнама алып келеди. Өйткени Иса А. С. көктеги Негизги Китаптан Алланың Сөзи болып келди. Сонлықтан Оның Сөзи өзгермейди, оның нусқасы гунәдан пәк. Сонлықтан оның Сөзи сәтли болыўға тийис. Ол Мухаддес Құдретли Тәңир Алланың тапсырмасын орынлаўда тамамланған ойға ийе. Сонлықтан Оны қабыллап, изинен ергенлерге, Алланың Туўры Жолы менен жүргенлерге, жер бетинде пәк өмир сүргенлерге аспанға нық исеним менен кириўлерине болады. Сонлықтан, Алла Қуран Кәримде Иса А. С. усы өмирде және аспанда уллы мәртебели болады. Кимде - ким Оның көрсеткен жолымен жүрсе аспанға барғанда Исадан өзлерине тийисли сыйларын алады деди. Мухаммед А. С. пайғамбар өлериниң алдында усы қуўанышлы хабарды Қуран Кәримде және Хадислеринде (айтты) баянлады.

## Ең Уллы Дос.

Мухаммед А. С. пайғамбар өлер алдындағы дуўасында былай деди:
***«О Алла! Мени кешире гөр, маған рахым ете гөр және мени Ең Уллы Доспенен байланыстыра гөр»***

*(Хадис Шахи Бухари 1573)*

***Содан кейин Мухаммед А. С. пайғамбар қолын жоқары көтерди де: "Ең Уллы Дос" - деди. Соңынан қолын түсирип, жүрип кетти.***

*(Хадис Шахи Бухари 1574)*

Соны менен Шахи Букаридиң хадислери бойынша Ең Уллы Дос периште ямаса пайғамбар болыўға тийисли. Бирақ периштелер ҳеш қашан «Ең Уллы» деп аталмаған. Сонлықтан Мухаммед пайғамбардың ең уллы досты периште емес пайғамбар болған.

Сонда қай пайғамбар «Ең Уллы Дос» деп аталыўға ылайық?

«Адам Шафиуллах» - Адамды Алла тазартқан
«Нух Наджиуллах» - Алла Қутқарған
«Ыбрайым Халилуллах» - Алла сүйди
«Ысмайл Джабикуллах» - Аллаға қурбанлыққа әкелди
«Муса Калимуллах» - Алла жиберген
«Даўыт Қалифуллах» - Алла жетеледи

*(Маджму Шариф)*

Бирақ ол өзи былай деди:

***"Мен (Мәриям улы Исаға) жерде де, Аспанда да Мәриям улы Исаға жақынман. Барлық пайғамбарлардың өзара туўысқанлық қатынасы болған. Сонда да әкелери бир болмағанменен дин биреў ".***

*(Хадис Шахи Бухари 1501)*

***«Әй Мәриам! Расында Алла сени өз тарепинен бир сөз бенен қуўандырады; оның аты Мәсих Иса Марнам улы, дүньяға Ақыретте Абыройлы бий сондай-ақ Аллаға жақынлардан болады».***

*Сүре 3:45*

***« Мийрими Күшли Алланың атыменен айтаман мениң жаным оның қолында. Шын мәнисте Мәриям Улы Иса келип әдил сотлаўшы болатуғын күн жақынлап келеди».***

*(Хадис Шахи Муслим 127)*

***«Мәриям Улы Исадан Уллы Имам Махди жоқ».***

*(Хадис Ибну Маджах)*

**«Иса - Алланың Руўхы, Елшиси және Сөзи».**

*(Анас Бин Малик Хал: 72 суре 4:171)*

**Сонлықтан «Ең Уллы Дос» Мәриям Улы Исадан басқа ҳешким болыўы мүмкин емес.**
**Усы «Ең Уллы Дос» Алла Таaладан келген болады.**

*Сүре 43:63,64*

**«Сондай-ақ тыңламаса да: «Тыңладық» дегенлер сияклы болмаңлар»**

*Сүре 8:21,22*

Солай етип, Алланың Аятын абайлап жазың. Оның изинен ериң себеби, олар Алладан келген, ол сизлерди жол бойлап алып жүриўде жол көрсетиўши компас. Оның айтқанын тыңламағанлығыңыз ушын тәўбе етиң.

Бизлер ушын усы жерде жазылған ҳәм тастыйықланған туўры жол бойынша жүриўди даўам еттирейик.

## Бүгинги күни Ең Уллы Дос бизлерге қалай жәрдем берип атыр?

1. **Ең Уллы Достымыздың аянларын Сиратул Мустаким (Туўры Жол) анықлайды.**

***«Бизлер Марнамның баласы Исаға айқын кәраматлар ҳәм Мухаддес Руўхты инәм еттик. Динге зорлау жоқ. Туўры Жол анық айрылып шықты»***

*Сүре 2:253, 256*

Мүмкин бизиң динимизде бизлер Алланың пәкизе жолына қарағанда, адамның дәстүрий жоллары менен жүретуғын шығармыз. Мүмкин бизлер Наби Мухаммед түсинген нәрселерди: Бизлер Алла Таала Өзиниң Ең Уллы Досты арқалы берген барлық айқын кәраматына мүтәж шығармыз. Қәнекей Алланың Китабында айтылмаған барлық жолларды бийкар етейик.

Оның Айқын Аянында Шайтанның жалған қызықтырыўшылығы көрсетилген; Олар Алланың хақыйқый жолы көрсетиледи.

7

Иса Калиматуллах адамлардың үрип - әдетлериниң бослығы ҳәм адамлардың мемеишилигин көрсетеди. Басқа жолларды Исаға бойсынғанлар Алланың жарылқаўы менен жетеленилеңди. Олар бәрхәма өлимге ҳәм Қиямет Күнине таяр болады. Олар Аспанға кирйўге терең исенимге ийе, себеби олар Ең Уллы Достың Муққадеслигиниң тазалығында пана тапты. Олар гүнәдан қутқарылды, олар адам жетелеўи астында болмайды ямаса олардың жақсы ислериниң ҳақыйқый шегараланғанлығынан гәрезсиз.

О, Әл Мөминлер! Иса Калиматуллахтың бул аянларына жақтырмай қарама. Оған бойсын, сонда бизлер Туўры Жолды анық көремиз. Солай етип, ол бойынша исенимли түрде жүре аламыз.

**Басқа жолды бизлер бийкарлай алдық па?**

## Ең Уллы Достымыз арқалы Алладан бизлерге берилген караматлы сөзлери бизлерди жетелейме?

**2. Ең Уллы Дос Туўры Жолда бизлерди қоллаўы менен, исенимли болды, бизлерде жетисип бизлерге жәрдем береди.**

Бизлердиң қолымыз жетпейтуғын Алла, Өзиниң исенимли қолларын бизлерге созады. Сол себепли бизлер оны өзлеримиздиң өмиримизде сезе аламыз.

Оның Рухуллах ҳәм Калиматуллах Иса бул дуньяға **Миззизахи** (кәрәмат) арқалы адам сыпатында келди.

*Бисмилләҳи Рахманир Рахим.*

***«... ким үмит тиренишин услап алган болса, ол ушын қыйралыў жоқ»***

***Суре 2:256***

**Бул белгили Аят Ул Курен 2:253 қарағанымызда бизге айқын болады: Бизлер Исаның ҳәм Пайғамбарлар ашқан аянының тазалығына исенсек қорғанышқа ийе боламыз:**

- Исеним Алладан, тек Оның қолы арқалы келеди. Рух-ул-Лах, Иса ҳеш қандай таза емес келбет пенен бүлинбеген. Тек Оның Муқаддеслиги менен бизлер Алла менен байланыс жасаймыз. Руўх Руўхтан Муқаддес. Рух-ул-Лах ол аўрыўларға қайғырып қол тийгизип ҳәм Алланың күши менен емлейди.
- Ол Ал Хақтан келген болып Ең исенимли, Ол бул бүлинген дүньяда Уллы Ҳақыйқат.
- Оның үмити ҳеш ўақытта үзилмейди, Ол сыналған ҳәм сәтли табылған ҳәм ҳәттики адамлардың ең қыйын сынаўлар ўақтында тыныщлық нием етти. Ол айтты:

*Бисмилләҳи Рахманир Рахим.*

***«Мен туўылған күнимде де ҳәм қайта тирилген күнимде де маған тынышлық болады»***

***Суре 19:33***

## Ең исенимли тирек, ҳеш қашан сынбайды.

Егер биз Алла Тааланың өмир және өлим туўралы әжәйип нышыналарына исенсек, биз өмиримиздиң аяғына шекем жанымыздың тынышлығын жогалтпаймыз.

*Бисмилләҳи Рахманир Рахим.*

***Суре 3:55 Алла: Ҳүким Күниниң Ийеси Исаның өмирин алды, Алла Оны Өзиниң жанына отырғызды және, Оны исенбеўшилерден тазалады ҳәм Исаның қурбанлығына исенйўшилерге жоқары сый бериледи деп көрсетиледи.***

***Инш Алла!*** *Ал Имран Сүресинде айтылғанындай биз Исаның қурбанлығын қабыл алсақ Алла бизлерди кәрамәти менен тазалайды, бизлерди Өзине Аспанға көтереди.* ***Алхамду иллах!***

*Мухаммед Пағамбар Ал Мустафа Өзиниң джихадынан ғәрезсиз болды ҳәм бул дүньяны тәрик еткенде. Ең Уллы Достының қорғаўын алды. Бизлер әлбетте усы Исеним жолынан жүрүўимиз шәрт:*

- **«Аллахумма,** (О Алла,)
- **Астафируллах!** (Мениң гунәларымды кешире гөр) Мен басқа жолларды өзимди қутқарыў ушын тән алмайман! Ҳәм мен Саған және Сениң берген инам еткен Иса Қурбанлығына Исенемин, Қыямет Күнинде мени қутқарыў ушын мен Саған исенемен! Мен тек Сениң жолыңды қабыллайман.
- **Мени исенимли түрде жетелей гөр мениң Ең Уллы Достым! Аумин!»**

### Иса – Ең Уллы Достымыздың ҳүкимлиги менен, Алланың Исенимли қолында тайсалмай қорғаламызба?

**Алла Таала бизлерди Өз қудиретли күши менен бизге Туўры Жолда (Ал Сиратул Мустаким) шыпасы менен пәтиясын берсин!**

Вассаламу алайкум ва рахматулла ва баркату!

*Келтирилген Сүрелердиң санлары, 1928 жылғы Каирда басылып шыққан Қураннан алынған.*